

ESPWA POU HAITI



Ki Kote ou te ye lhè sekous la te komanse?

Ou sove, men siman ou konnen yon moun ki pa t' sove.

Yon zanmi, yon fanmi, ou byen tou de.

Ou santi tout kalite emosyon koulye-a.

Petèt yon tristès, soulajman, chagren, perèz, ak enkyetid – ou byen tout bagay sa yo ansanm.

Ou poze tèt ou kèk kestyon tankou:

Pouki sa rive? Pouki mwen sove epi zòt pa sove?

Ki kote mwen kapab chèche sekou? Eske gen moun ki sousye de mwen?

Ou ka pa janm kapab konprann pouki kalamite sa pase – sepandan gen espwa.

Kilès Ki Sousye de Ou?

Gen dè milyon de moun tou patou sou tè-a ki sousye de sa ki pase-a. Yo pote sekou medical, manje, akabri. Yo bay lajan, epi yo priye pou ou.

Moun ki ba-ou ti livrè sa-a li sousye de ou.

Sepandan, gen yon lòt moun ki kapab ba'ou sa pèsonn lòt moun pa kapab ba'ou – espwa.

Bondye sousye de ou epi Li vle ba'ou espwa.

Espwa – ke lavni ou kapab miyò.

Espwa – ke ou kapab resanti lapè ak lanmou.

Espwa – ke ou kapab viv pou letènite avèk Li.

Kisa Bib la Di

Bib la di ou “*Lage tout tèt chaje nou yo ba li (Bondye), paske L'ap pran swen nou.*” (1 Piè 5:7)

Bib la di ou ankò ke Bondye renmen ou.

“*Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.*” (Jan 3:16)

“*Pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an kantite.*” (Jan 10:10)

Bondye Ap Lonje Men Ba Ou

Bib la pwomèt ou “*Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo.*” (Jan 3:17)

Bondye Ap Lonje Men Ba Ou. Lefèt sèlman ke ou li ti livrè sa se yon mwayen Li fè ou konnen ke Li sousye de ou.

Li va ba ou fòs pou viv chak jou nan tray ak fado la vi a. Eske w'ap reponn a gwo lanmou sa Li genyen pou ou? Eske w'ap kite Li pran swen ou nan sa ke ou gen bezwen Jodi-a?

Bondye voye sèl pitit Gason Li Jezikri pou mouri sou kwa pou peche ou yo. Li te leve pami lèmò twa jou apre epi koulye-a li ofri ou kado lavi ki p'ap janm fini an si ou kwè nan Li.

Si ou pa janm priye pou resevwa Kris nan kè ou, ou kapab fè sa koulye-a, lè ou fè yon priyè tankou sa:

“Chè Bondye Papa, mwen pa konprann tou sa ki pase yo, men ede mwen kenbe zye mwen sou ou pou tou sa mwen gen bezwen. Mwen konnen ke mwen peche kont ou anpil fwa nan pase mwen. Tanpri padone mwen. Mwen kwè ke Jezikri se Pitit Ou e ke Li renmen mwen ase pou li te mouri sou yon kwa pou mwen pou peche mwen yo te ka padone. Mwen mete konfyans mwen nan Jezikri sèlman kòm Sovè mwen. Amen”

Si ou pa t' déjà fè sa, li trè kritik pou ou chèche yon legliz kote yo kwè nan Bib la epi kote ke yo anseye Bib la. Ke Bondye beni ou.

